

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif, pikeun nguji éféktifitas modél *Brain Writing* dina ningkatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir, 2014, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) méthode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) *one shot case study*; 2) *pretest and posttest*; 3) *static group comparison*. Méthode kuasi ékspérimén digunakeun pikeun nguji modél pangajaran *Brain Writing* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan.

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test jeung post-test*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré heula *pre-test* pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran nulis wawangsalan. Sabada éta siswa dibéré *treatment* pikeun ngalatih kamampuh nulis wawangsalan ngaliwatan modél pangajaran *Brain Writing*. Sanggeus éta siswa dibéré *post-test* pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina pangajaran nulis wawangsalan.

Anapon désain panalungtikan digambarkeun di handap.

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

| <i>Pre-test</i> | <i>Treatment</i> | <i>Post-test</i> |
|-----------------|------------------|------------------|
| O ₁ | X | O ₂ |

Sugiyono (2012, kc. 75)

Keterangan:

O₁ : kamampuh nulis wawangsalan saméméh ngagunakeun model *Brain Writing*

X : pangajaran nulis wawangsalan ngagunakeun model *Brain Writing*

O₂ : kamampuh nulis wawangsalan sabada ngagunakeun model *Brain Writing*

3.2 Sumber Data


Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 anu jumlahna 30 siswa, 15 awéwé jeung 15 lalaki. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap tabélina.

Tabél 3.2
Sumber Data Panalungtikan

| Kelas | Jenis Kelamin | Jumlah |
|--------------|---------------|----------|
| VIII-A | Awéwé | 15 siswa |
| | Lalaki | 15 siswa |
| Jumlah Siswa | | 30 siswa |

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan nu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, désain nu dipaké nyaéta désain *pre-test and post-test group design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah anu kudu dilakukeun. Anapon léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan

ngawengku: (1) tahap tatahar, (2) tahap pelaksanaan, (3) tahap nganalisis data, jeung (4) kacindekan.

1) Tahap Tatahar

Tahap tatahar nyaéta tahap anu munggaran dilakukeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a) ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngaindéntifikasi masalah anu kudu ditungkulan. Dina ieu tahap téh dilakukeun obsérvasi ngeunaan pangajaran basa Sunda hususna dina nulis wawangsalan;
- b) ngajukeun judul panalungtikan (skripsi) sabada ngaidéntifikasi masalah nu aya di sakola;
- c) ngajukeun proposal skripsi;
- d) nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP); jeung
- e) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMP Pasundan 4 Bandung ngeunaan “Modél *Brain Writing* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Ekspérimén siswa kelas VIII-G SMP 4 Pasundan Bandung Taun Ajaran 2018/2019).

2) Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis sisindiran (wawangsalan);
- b) nyiapkeun instrumén panalungtikan; jeung
- c) ngalakukeun panalungtikan ka siswa.

3) Tahap Nganalisis Data

Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) ngumpulkeun data;
- b) ngolah hasil data *pre-test*;
- c) ngolah hasil data *post-test*, jeung
- d) nyusun laporan hasil tina panalungtikan.

Dina ieu prosedur panalungtikan, anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés. Tés dilakukeun pikeun meunangkeun data hasil nulis wawangsalan siswa, ngawengku tés awal jeung tés ahir. *Pre-test* minangka tés pikeun meunangkeun data hasil nulis wawangsalan siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing*, sedengkeun *post-test* minangka tés

pikeun meunangkeun data hasil ngaregepkeun siswa sanggeus dibéré *perlakuan* nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing*.

Anapon léngkah-léngkah panalungtikan saperti ieu di handap:

- a) nataharkeun matéri pangajaran nulis sisindiran (wawangsalan);
- b) nataharkeun instrumén panalungtikan, wangun *pre-test* jeung *post-test*;
- c) ngayakeun panalungtikan, ngalakukeun *pre-test*;
- d) ngalakukeun *treatment*, ku cara siswa nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing*;
- e) ngayakeun *post-test* ka siswa sanggeus siswa nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing*;
- f) kacindekan.

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtikan nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan kamampuh ngarang wawangsalan saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Brain Writing*.

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis wawangsalan siswa anu ngawengku éjahan, diksi, guru wilangan, karapihan tulisan jeung katepatan pangarang dina hubungan eusi anu luyu jeung téma wawangsalan. Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas VIII-G dina nulis wawangsalan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Lembar tés nyaéta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis wawangsalan. Tésna mangrupa tés tinulis pikeun nulis wawangsalan dumasar kana eusina.

Upama dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké observasi langsung, nyaéta obsérvasi anu di paké sacara langsung kana objék nu ditalungtik. Tés dilakukeun sacara dua kali, nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing*. Ieu dihandap mangrupa soal unjuk kerja anu dibérékeun ka siswa.

Tabél 3.3
Soal Instrumént Pre-test jeung Post-test

| Soal Nulis Wawangsalan | |
|---|-------------------|
| Wasta: | |
| Kelas: | |
| No. Absen: | |
| I. Pék lengkepan ku hidep cangkang jeung eusi wawangsalan ieu di handap! | |
| Jawaban: | |
| 1. | |
| | Wangsalna: Japati |
| 2. | |
| | Wangsalna: Tipung |
| 3. | |
| | Wangsalna: Oli |
| 4. | |
| | Wangsalna: Saté |
| 5. | |
| | Wangsalna: Payung |
| 6. | |
| | Wangsalna: Gelas |
| 7. | |
| | Wangsalna: Kutu |

3.6 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis wawangsalan nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Brain Writing*.

Sumartini, 2019

MODÉL BRAIN WRITING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019)
Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

- a) Mariksa hasil karangan wawangsalan siswa saméméh jeung sabaada ngagunakeun modél *Brain Writing* dumasar kana lima aspék dina rubrik tabél 3.4 di handap.

Tabel 3.4
Rubrik Peunteun Nulis Wawangsalan

| Aspék anu dipeunteun | Skor | Kritéria |
|---|------|--|
| Hubungan eusi jeung judul wangsalsal (nyambung henteuna antarpadalisan dina nyieun wawangsalan) | 5 | HADE PISAN: eusi padalisan jeung judul wangsalsal geus nyambung, jumlah engang geus luyu, jeung sampurna dina nulis wawangsalan. |
| | 4 | HADE: eusi padalisan jeung judul wangsalsal geus nyambung, urutanana geus alus, jumlah engang geus luyu tapi éjahan kurang. |
| | 3 | SEDENG: nangtukeun eusi rada nyambung, tapi dina jumlah engang masih kurang. |
| | 2 | KURANG: dina nangtukeun eusi jeung wangsalsal teu nyambung, jumlah engang kurang sarta kurang merenah. |
| | 1 | KURANG PISAN: eusi teu lengkep, jumlah engang kurang jeung can bisa nangtukeun wawangsalan. |
| Jumlah guru wilangan dina unggal padalisan wawangsalan (kudu nyumponan kana dalapan engang) | 5 | HADE PISAN: guru wilangan geus nyumponan kalayan ngagunakeun kekecapan anu merenah. |
| | 4 | HADE: guru wilangan geus luyu, tapi can bisa milih kekecapan anu merenah. |
| | 3 | SEDENG: guru wilangan geus luyu, tapi can bisa milih kekecapan anu merenah. |
| | 2 | KURANG: kurang dina nangtukeun guru wilangan, guru wilangan leuwih jeung guru wilangan kurang, masih salah dina ngalarapkeun éjahan. |
| | 1 | KURANG PISAN: teu bisa nangtukeun guru wilangan, kecap anu dipilih teu merenah jeung can bisa ngalarapkeun éjahan. |
| Pilihan kecap atawa diksi (kekecapan anu merenah jeung luyu sangkan bisa dipaké dina nulis wawangsalan, kecap anu digunakeun ngandung harti anu ngéntép seureuh atawa henteu) | 5 | HADE PISAN: ayana diksi (pilihan kecap) anu merenah, geus bisa ngalarapkeun diksi anu merenah jeung murwakanti, luyu jeung judul wangsalsal. |
| | 4 | HADE: diksi geus merenah, geus bisa ngalarapkeun diksi anu merenah jeung murwakanti, luyu jeung judul wangsalsal, tapi aya sababaraha kasalahan. |
| | 3 | S SEDENG: diksi rada merenah jeung kaharti maksudna. EDENG: guru wilangan geus luyu, tapi can bisa milih kekecapan anu merenah. |
| | 2 | KURANG: ayana diksi (pilihan kecap) anu kurang merenah, masih kamalayan. |
| | 1 | KURANG PISAN: loba kasalahan dina nulis diksi, teu merenah, masih kamalayan, jeung kekecapanna teu luyu dina nyieun wawangsalan. |

| Aspék anu dipeunteun | Skor | Kritéria |
|--|------|---|
| Ejahan (ngagunakeun huruf dina awal kalimah, aturan dina nulis tanda baca, bisa dilarapkeun jeung ngabédakeun antara e, é, jeung eu) | 5 | HADE PISAN: ngawasa pisan kana kaédah dina nulis kecap, sampurna, lamun aya kasalahan ogé ngan saeutik. |
| | 4 | HADE: ngawasa kana kaédah, geus mampu ngabédakeun antara e, é, jeung eu, hurup kapital dina awal kalimah, jeung tanda baca. |
| | 3 | SEDENG: kurang ngawasa kana kaédah nulis kecap, tapi teu nyieun makna robah. |
| | 2 | KURANG: loba kasalahan dina ngalarapkeun sora vokal e, é, jeung eu, hurup kapital dina awal kalimah, jeung tanda baca. |
| | 1 | KURANG PISAN: teu ngawasa kana kaédah nulis kecap, can merenah. |
| Karapihan tulisan (Kajelasan/kabaca henteuna tulisan, bentuk hurup) | 5 | HADE PISAN: rapih, ngawasa aturan nulis wawangsalan, kabaca, jeung kasalahan éjahan saeutik. |
| | 4 | HADE: rapih, kabaca, aya saeutik corétan, éjahan masih kurang tapi teu ngarobah ma'na. |
| | 3 | SEDENG: rada rapih, kabaca, tapi masih salah dina ngalarapkeun éjahan. |
| | 2 | KURANG: kurang rapih, salah dina éjahan, teu puguh ma'na jeung aya corétan. |
| | 1 | KURANG PISAN: teu rapih, teu kabaca, loba corétan, teu cukup pikeun dipeunteun. |
| Jumlah Skor Maksimal | | |

(Hartfield, spk, 1985 kc. 91 jeung Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306 dina Kuswari, 2010, kc. 183 kalayan diropéa).

- b) Méré peunteun jeung nganalisis hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing* dina nulis wawangsalan, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

- c) Ngasupkeun peunteun kana tabel ieu di handap.

Tabel 3.5

Format kamampuh nulis wawangsalan saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél Brain Writing

| No absén siswa | Aspék nu dipeunteun | | | | | Σ | P | Kategori |
|----------------|---------------------|---|---|---|---|---|---|----------|
| | A | B | C | D | E | | | |
| | | | | | | | | |

Keterangan:

A = éjahan

B = pilihan kecap atawa diksi

C = guru wilangan

D = karapihan Tulisan

E = hubungan eusi jeung judul wangsalna

P = peunteun

Sumartini, 2019

MODÉL BRAIN WRITING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

Kategori= peunteun > 65 siswa dianggap mampu nulis wawangsalan
 peunteun < 65 siswa dianggap can mampu nulis wawangsalan

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara make *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* nu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun distribusi normal atawa henteuna data (Sudajana, 2005). Kitu deui nurutkeun (Sujarweni, 2007, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Data nu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data nu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_1 : distribusi data normal

H_0 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 5%

($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_1 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. (Sudajana, 2005). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogeny atawa henteuna variasina sumber data. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

Sumartini, 2019

MODÉL BRAIN WRITING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019)
 Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

H_1 : varians sampel homogen

H_0 : varians samel teu homogen

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Levene* ku taraf signifikansi 5% ($\alpha=0,05$), kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_1 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik parametris kalwan ngagunakeun t-tes.

Sedengkeun saumpama dat téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_1 (Hipotesis alternatif) = Aya ningkatna antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*. $H_0: p \leq 0$ $H_1: p > 0$

H_0 (Hipotesis nol) = Teu aya ningkatna antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*. $H_0: p \leq 0$ $H_1: p > 0$

Sumartini, 2019

MODÉL BRAIN WRITING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu